

*Jounen Jodi A Ekriti Sa A Akonpli*

*Parkview Junior High School, Jeffersonville, Indiana, Etazini*

65-0219

1 Jis rete kanpe si w vle, pandan n ap bese tèt nou pou yon mo priyè.

2 Chè Pè Selès, nou gen rekonesans pou sa aswè a, yon lòt opòtinite pou vin prezante mèveye Levanjil gloriye Jezikri a. Nou remèsye W poutèt Li toujou rete menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Nou remèsye W pou moun sa yo ki soti vin rasanble isit la nan tanperati frèt sa, e kanmenm avèk gwo antisipasyon, ap tann, ap kwè ke yo pral bannou yon bagay ekstraòdinè ki vin de Bondye. Nou vini ak espwa sa, Seyè, pou chak reyinyon. Nou remèsye W pou sèvis yo, avan yè swa, nan tabènak la; nou remèsye W pou sèvis ki te fèt isit la yè swa, e pou sèvis jodi a, nan tabènak la. N ap atann nou la a sa W gen pou nou aswè a.

3 Papa, nou konnen ke nenpòt moun ki ka bouje men l yo ka tounen paj Bib la, men gen yon Sèl Ki ka rann Li vivan epi reyèl, sila se Ou menm. Epi, Papa, n ap atann pou W fè sa aswè a. Beni nou nan tout sans. Kè nou sitèlman ranpli ak jwa pandan n ap gade tan k ap apwoche lè nou pral rankontre L, fas a fas, Sila ke nou te renmen epi viv pou Li tout ane sa yo.

4 Anpil nouvo konvèti te vini, Seyè. Nou konprann ke gen grann kantite, karant a senkant, dwe batize lan Non W, maten an, apati de sèvis yè swa. O Bondye, tanpri kontinye, nou priye, jiskaske chak Semans predestine Bondye wè Limyè Levanjil la, pou antre nan gwoup la.

5 Nou mande W pou kache nou aswè a dèyè Pawòl la; rann nou avèg pou bagay nan mond lan, e kite nou wè Jezi. Ke yon eksperyans Mon Transfigirasyon ka pwodui pami nou, aswè a, pou nou pa wè ankenn moun ke sèlman Jezi. Nou mande sa lan Non Li e pou glwa Li ak yon konfimasyon Levanjil Li. Amèn.

Nou mèt chita.

6 M ap jis tounen mikwo sa, oubyen chè sa, jis on tikras sou kote, si se annòd, pou m ka wè toude kote oditwa a. M panse m ka vire mikwo sa yo tounen isit la. Dakò, jis on moman.

7 N ap salye, apati de oditoryòm prensipal la isit la aswè a, zanmi nou yo an Arizona, Californie, Texas, e atravè Etazini, pa mwayen telefòn. Sa a—sa ap difize nan tout nasyon an alagrandè, sèvis aswè a, pa mwayen telefòn, kifè nou gen konfyans Bondye ap beni nou.

8 Èske nou ka tandè, dèyè a nan—nan oditoryòm lan sou bò goch la? Dakò, yo pral verifye kounye a sistèm telefòn lan, pou wè si sa ap fonksyone kòrèk.

9 Tout moun kontan aswè a? [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a.] Enben, se byen! E bò kote sa? [“Amèn.”] Amèn. Mwen sitèlman kontan pou wè ke nou tout chita byen konfòtab.

10 Kounye a demen swa, si fowl la kontinye ap ogmante, ap gen sistèm telefòn dirèk tou. Genyen aswè a. Mwen kwè kèk nan yo se anba nan tabènak la.

11 E, demen maten, sèvis yo pap ka fèt nan tabènak la, poutèt...ap gen yon fleris k ap la pou dekore legliz la pou yon maryaj demen apremidi. Yo te transfere sèvis yo—yo, nan maten, anwo a nan legliz Frè Ruddell, youn nan asosye nou yo, epi anwo a sou otowout 62 isi a la—la. Èske sa te anonse? [Frè Neville di, “Wi.”—Editè a.] Sa te anonse. E, si sa ap debòde anwo a la, n ap pran rès yo pou voye bay yon lòt minis anba kay Frè Junior Jackson, anba nan Clarksville. Rezon kifè nou te genyen l kay Frè Ruddell, se paske li pwòch isi a, e nou ka...e nou te panse ou t ap twouve sa pi fasil. Alò n ap okipe de sa nan yon sètenn fason. E asire nou ke tout batèm sa yo fèt demen, e m espere va gen on lòt santèn oubyen desan ki va ajoute a sila yo pou pran batèm yo demen. E kounye a demen swa...

12 M pa janm renmen anonse davans anyen ke m gen pou m pale, sinon yon sware pandan sèvis la, osinon yon jou, m vle pale sou sijè sa: *Kimoun Mèlkisedèk Sa Ye?* Paske se yon—yon sijè ke m panse n ap viv nan tan kote revelasyon sa yo, ki te kesyon atravè lèzaj, “Kiyès Zanmi sa ye?” E mwen kwè Bondye gen repons lan, Kimoun Li te ye. Genyen ki di, se “sakrifikati,” gen lòt ki di, se “yon wa,” gen...Men dwe gen...

13 Osi lontan gen yon kesyon, dwe gen yon repons a kesyon sa, ki kòrèk. Paka gen yon kesyon san pa gen dabò yon repons.

14 Bon, nou gen konfyans ke Bondye ap bannou yon benediksyon aswè a ki sot nan Pawòl Li, pandan n ap li L.

15 E nou te gen...Billy te mande m pou m di nou ke se sèten nou te gen bèl kolaborasyon ak moun isit yo nan zafè paking, polisye yo ak yo tout. Kontinye konsa; se trè, trè byen.

16 Nou espere wè moman , petèt nan yon pwòch avni, kote petèt n ap kapab pote tant lan isi a pou vil la epi drese l kanpe deyò a la sou teren foutbòl la, kote nou ta ka rete pandan yon sèten tan, petèt pandan twa a kat semèn, revèy, tout tan. Isit la nou jis apèn gen tan konn youn lòt, e apres a nou oblije di orevwa pou nou pati ankò. Men m ta renmen vini pou rete pou yon vwayaj pi long, yon moman kote ou ta ka rete pou w pa oblije klotire nan yon sware oswa de, men jis rete pou ap anseye, lajounen kou lannwit, lajounen kou lannwit, ap kontinye ale. Petèt on moun va al lakay pou bay poul yo manje, tire lèt bèf yo, epi retounen semèn pwochèn pou ap kontinye ak sèvis la. Mwen—mwen renmen sa. Kidonk ke Seyè a avèk ou.

17 Bon, anvan m ale, petèt Dimanch maten ou Dimanch swa, ou yon bagay konsa, youn nan sèvis sa yo, m konnen nou tout ap tann pou tandè Mesaj sou Verite konsènan *Maryaj Ak Divòs*, ki se youn nan gwo pwoblèm jodi a. E mwen jis osi sèten ke m kanpe la, mwen kwè ke repons kòrèk la nan Pawòl Bondye a, e mwen kwè ke se poutèt sa mwen te pwomèt pou retounen.

18 E m sipoze, konsyaman, osi lwen ke m konnen, mwen vle gen yon lòt sèvis isi a nan Jeffersonville, pou Dimanch Pak, e n ap...pou sèvis solèy ap leve, epi apres a Dimanch Pak. Kidonk n ap anonse l davans pou eseye petèt vini Samdi ak Dimanch. M ap oblije pran avyon pou antre epi retounen pati, paske se prèske tan...M ap oblije verifye sa, dabò, ak orè m genyen an, e youn nan itinerè pa m—pa m—pa m se an Californie. Apres a, imedyatman apres a, m oblije desann al an—an Afrik. Kidonk rete an kontak epi priye pou nou.

19 Bon, aswè a, mwen vle atire atansyon w sou yon pòsyon Pawòl Bondye a, ou jwenn nan chapit 4 Sen Lik. Chapit 4 epi vèsè 16 la, sa ap kòmanse, Jezi ap pale.

...*Jounen jodi a Pawòl sa w ap tandè a akonpli.*

20 Kounye a nou vle, apati de Sa, tire yon konklizyon kouman Pawòl Bondye a dinamik! Bon, nou tout nou ka fè yon lide de mekanik lan, men sa pran Dinamik lan pou fè L fonksyone.

21 Nou ka fè nou yon lide de mekanik on machin, yon otomobil, men apresa sa pran dinamik lan pou fè wou yo avanse pou ap opere epi bouje.

22 Kounye a, Jezi te retounen al-al Nazarèt, kote Li te grandi. Lè w ap desann dan Lèzekriti la, nou dekouvri yo di, "Nou tandè W te fè *tèl tèl* bagay laba nan Kapènawòm. Bon, kite nou wè W fè sa isit la nan Pwòp peyi W."

23 Jezi di, "Yon-yon pwofèt pa gen lonè nan pwòp peyi l." Epi, natirèlman, se la kote w te grandi a, kote moun yo konnen w. E la Li te gen yon-yon-yon movèz repitasyon, pou kòmanse, Li menm ki te fèt san yon papa terès. Yo te rele L "yon pitit ilejitim," ke Mari an reyalyte te tonbe ansent anvan l te marye, ofisyèlman, avèk Jozèf. Men, se pat sa, nou konnen ke se pa t sa.

24 E sou Ekriti sa, sa ki te lakoz jye m tonbe sou sa, se yon bagay ki te rive jis on ti tan pase nan Phoenix, Arizona. Se te dènye jou sèvis kote m te gen pou m pale nan Konvansyon Entènasyonal Mesye Òm Dafè Levanjil Konplè A.

25 E nan konvansyon sa te gen yon vizitè avèk nou, se te yon evèk Katolik, ki vin-ki vin de "Rit Kaldeyen legliz Katolik Apostolik; Gran Reveran John S. Stanley, O.S.D." Li se "achevèk metwopoliten Etazini an," anndan legliz Katolik. Sa te bay ke se sa ki te ekri sou kat vizit li-ak adrès li.

26 Li te yon vizitè pami Òm Dafè Kreyen yo, e m te wè l la, jounen anvan an. E lè m t ap pale Samdi swa, mwen kwè se te sa, oubyen Samdi maten nan ti dejene a, epi mwen...Pandan m t ap pale, li t ap siveye m. M te panse, "Nonm sa pa dakò sèten ak tout sa m di." E, nou konnen, ou te ka-ou te ka jis wè l; li t ap bouje tèt li monte-desann, men m pa t konnen kisa egzakteman ojis ki t ap travay li.

27 Kidonk nan Samdi apremidi, lè m te gen pou m pale, m ta pral pran tèks mwen an sou *Doulè Akouchman*, kote Jezi te di, konsa, "Tankou yon fanm ki gen tranche pou fè yon timoun," li gen tranche pou akouche. Kifè m ta pral pale apati de sa, *Doulè Akouchman*, kòm sijè, pou ap di ke mond lan nan doulè pou akouche kounye a. Sa k ansyen an dwe al fè wout li, pou sa k nouvo a ka fèt; jis tankou yon-yon semans dwe pouri, pou bay yon nouvo vi.

28 Ala frape doulè yo, doulè akouchman frape mond lan! Nan Premye Gè Mondyal, li te resevwa yon doulè tèrib, paske yo te gen gaz anpwazonnen, e latriye, ki te ka prèske detwi mond lan. E nan Dezyèm Gè Mondyal, li te pran yon lòt frap, yon doulè pi fò, yo te pwodui gwo zam destriksyon, ak bonm atomik tou. Li pap ka sipòte yon lòt doulè tranche. Avèk misil epi bagay sa yo jodi a, yon lòt gè an plis ap dezakse l nan lespas, paske la l ap delivre. E va gen yon nouvo tè. Bib la di pral genyen l.

29 Anba chak Mesaj yon pwofèt, Izrayèl te resevwa yon doulè akouchman, paske pwofèt sa yo te konn vin sou sèn lan apre teyolojiyen ak manm klèje yo te fin foure tout legliz nan

yon fòm òganizasyon. E kan pwofèt sa yo te vin sou sèn lan avèk ENSI DI SEYÈ A, yo te ebranle legliz yo, ki te gen doulè akouchman. Finalman, li te gen doulè akouchman nèt ale jiskaske l te delivre yon Pitit Levanjil la, ki te Pawòl la Li menm ki te fè vin lachè.

30 Kidonk legliz vrèman nan doulè akouchman aswè a, ankò, paske delivrans Pitit la, Fis de Dye a ap rive ankò. Tout teyoloji nou yo, tout sistèm nou yo, tout denominasyon nou yo, te pouri nèt pa anba nou. Kidonk nou nan doulè akouchman, epi yon Mesaj ki vin de Bondye toujou bay legliz doulè ki pi fò, men apre yon ti tan l ap delivre yon Epouz. Sa va mennen Jezikri bay Epouz Li.

31 Epi, alòske, m t ap panse ke nonm sa pa t dakò avè m ditou. Lè m te leve pou m te pote Mesaj sa, m te pran Bib mwen, pou chache paj la.

32 Madanm mwen te fenk ban m yon Bib tou nèf, pou Nwèl. Ansyen Bib mwen an te gen kenzan, e li te jis an movèz eta. Paj yo, chak fwa ou te louvri l, te konn soti ap tonbe. Men m te jis konn kote pou m jwenn chak Ekriti, kifè m te konn etidye vrèman nan Bib sa. E m te annik pran sa k nouvo a, poutèt lòt la te tèlman sanble an ranyon, pou al legliz avè l.

33 Lè m te kòmanse ap tounen nan Sen Jan, kote w te jwenn Ekriti an, m te kòmanse li chapit 16 la, e vèsè m t ap chache a pa t la. Kidonk m t ap panse, "Sa etranj!" M te retounen paj yo ankò; li te toujou pa la.

34 E Frè Jack Moore, ki rete Shreveport, an Louisianne, yon trè bon zanmi m, li te chita la. M te di, "Frè Jack, èske se pa nan Sen Jan 16 sa ye?"

Li te reponn, "Wi."

35 E prèt Katolik sa te leve kite chèz li, pami apeprè yon santèn moun klèje chita sou estrad la; li te avanse toupre m, ak tout wòb ak soutàn epi kwa li yo, e latriye, pou l te vin toupre m. E li te di, "Pitit mwen, rete fèm. Bondye sou pwèn aji."

M te panse, "Yon evèk Katolik ki ap di m sa?"

Li te di, "Li nan Liv pa m nan."

36 E mwen te li Ekriti a nan Liv pa l la, e m te chwazi tèks mwen epi m te kontinye, te preche mesaj mwen an.

37 Apre, lè m te fin pase atravè sa, li te leve apre m te fin ale, m te di, "Gen yon sèl bagay ki dwe rive. Alò, legliz dwe soti nan galimatcha l ladann lan, oubyen nou dwe soti nan galimatcha legliz ye a." Kidonk, se youn ou lòt.

38 Epi mwen te sou wout pral lakay, ap retounen Tucson, jou swa sa. Timoun yo t ap kriye pou yon sandwich, e m te rete pou achte sandwich nan yon ti boutik. E madanm mwen te di, "Bill, m pa t janm sou tansyon konsa nan tout vi m, pou ap gade w kanpe la ap demele w ak Bib sa." Manzè te mande, "Èske sa pa t mete w sou tansyon?"

39 M te reponn, "Non." M te di, "m te konnen ke sa te kèkpa la. Yo jis pa t byen plase paj la. Se yon pwoblèm enprimri."

40 E li te di, "Pou ap panse, ke se mwen ki ba w Bib sa! Se tankou tout jye la te brake sou mwen."

41 M te di, “Ebyen, ou patka anpeche sa. Se te yon pwoblèm enprimri nan Bib sa.” M te di, “Yo jis pa t janm mete paj yo byen.”

42 Ebyen, m te desann e m te gade l ankò, jis osi pafè ke w te kapab; men chapit 16 la te fini, pòsyon an, pòsyon sa te jis apeprè a twa pous apati de anba a, pi lwen nan chapit 17 la sou lòt bò a, li te fè menm bagay la. E, poutèt se yon Bib tou nèf, de paj sa yo te byen kole ansanm, e mwens t ap li apati de chapit 17 la olye de chapit 16 la. “Bon,” m te di, “tou sa se kòrèk. Se pou yon kòz.”

43 E jis osi klè ke w te ka tandè, yon Vwa te vin a mwens menm, pou di, “Li te antre nan Nazarèt, kote Li te grandi; e Li te antre nan sinagòg la, jan L te konn abitye fè. E prèt la te ba L Woulo yo pou li, e Li te li Ezayi 61. E lè L te fin li Lèzekriti, Li te chita; te retounen Bib la bay prèt la, Liv la, e li te chita. E tout jye kongregasyon an te brake sou Li. E Pawòl presye te soti nan bouch Li. E Li te di, ‘Jounen jodi a Ekriti sa akonpli.’”

“Jounen jodi a Ekriti sa akonpli.”

44 Ala apwopriye Ekriti sa apwopriye! Si w remake sa nan Ezayi 61:1 a 2, se kote Seyè nou an te li, Ezayi 61:1 a 2. Men nan mitan dezyèm vèsè Ezayi 61 an, Li te rete. Kote sa di, “Espri Seyè a sou Mwen; pou preche ane gras la,” apres a Li te rete. Poukisa? Lòt pati a, pou mennen jijman, pa t aplike la. Ala Lèzekriti pa janm fè yon erè! Yo toujou pafè. Jezi te rete jis kote Ekriti a te rete, paske se te egzakteman sa ki te dwe konfime nan tan pa L, la, nan premye vini sa. Dezyèm vini an L ap pote jijman sou tè a ; men pa lè sa. Li te la “pou preche ane gras la.”

45 Remake ke Mesi a te kanpe sou estrad la, pou ap idantifye Tèt Li ak Pawòl pwomès pou aj sa. Ala sa etranj, Mesi a ki kanpe devan legliz! E gade Pawòl presye sa yo, lè L te di la, “Pou preche ane gras la.”

46 “Ane gras la,” jan nou tout konnen, antan ke lektè Bib la, se te “ane jibile a.” Se, kan tout esklav ak prizonye yo, sa yo te ye a, yo te pran yo, nan prizon; epi te oblije bay yon pitit gason, oswa yon pitit fi, pou peye yon dèt; [Espas vid sou bann lan—Editè a.] e yo te nan esklavaj. Pe enpòt kantite tan yo te nan esklavaj, oswa kantite tan yo te sipoze rete la; kan ane a te rive, ane jibile a, kan twonpèt la te sonnen, chak òm te ka ale lib si l te vle. [Espas vid sou bann lan—Editè a.] Ou te lib. Ou pa t esklav ankò.

47 Men si w te gen dezi rete yon esklav, alò yo te oblije desann avè w nan tanp lan, kanpe pre kolòn tanp lan, e yo te konn pran yon pik pou pèse yon twou nan zòrèy ou, e apres a ou te oblije sèvi mèt esklav sa pou restan jou w.

48 Ala yon egzant pafè sa ye de Levanjil Jezikri a! Kan sa te preche, tan gras la, ak tan Jibile a; nenpòt moun, pe enpòt kimoun ou ye a, ki koulè w, denominasyon ou fè pati a, jiska ki pwen ou te plonje nan peche, oswa sa k pa kòrèk avè w; ou te ka ale lib lè w tandè twonpèt Levanjil la sonnen. Ou lib!

49 Men si w te vire do tounen bay Mesaj la epi w te refize tandè L, remake, yo te pèse zòrèy ou, ak yon pik. Sa vle di, on fason pou di, ke w te travèse liy ant gras e jijman an, e ou pa t ap janm tandè Levanjil ankò. Ou pap janm al pi lwen. Ou oblije yon esklav pou sistèm ou ladann lan, pou restan jou w, si w refize tandè ane gras la.

50 Kounye a, lòt pati a, jan m te di a, pa t bezwen reponn, paske vini Mesi a fwa sa, nan moman sa, se lè Li pral pote jijman an.

51 Bon, kouman moun sa yo te janm ka fè manke wè Kimoun Li te ye? Kouman yo te janm fè rate sa? Kouman sa te ka posib, alòske sa te sitèlman revele aklè pou ap montre? Kouman yo te janm ka fè rate wè l? Alòske Li...

52 Ala yon Pawòl! Panse a sa, "Jounen jodi a Ekriti sa akonpli devan jye w." Kimoun ki di l? Bondye Li menm, Ki se entèprèt Pwòp Pawòl Li. "Jounen jodi a Ekriti sa akonpli." Mesi a, Li menm, kanpe nan prezans kongregasyon an pou ap li Pawòl ki sot nan Bib la, ki fè pati de Li menm, e ki ap di la, "Jounen jodi a Ekriti sa akonpli," e yo kanmenm echwe pou wè Sa.

53 Ala yon trajedi sa t ap ye, men sa te rive. Sa te rive anpil fwa. Kouman sa ka fè rive? Natirèlman, tankou sa te fèt lòt fwa yo, nan ap kwè entèpretasyon lòm de Pawòl la. Se sa ki lakoz la. Kwayan sa yo nan jou sa yo, swadizan kwayan, t ap pran entèpretasyon nan sa prèt la te di konsènan Lèzekriti. Konsa poutèt Jezi, pa t fè pati de ankenn nan ran sosyete pa yo, yo te ekskominye L soti nan sèk yo.

54 E, konsa, yo patka idantifye L avèk yo, paske Li te diferan de yo. Pèsonaj Jezikri a te sitèlman inik ke pèsonn pa t dwe rate wè ke se te Fis de Dye a, paske Li te idantifikasyon pafè Ekriti ki te ekri de Li a.

55 Se fason sa ke yo rekonèt chak Kretyen, kan vi li idantifye bagay menm ke Kretyen an sipoze fè.

56 Kouman L te ka fè kanpe la pou di, "Jounen jodi a Ekriti sa akonpli drèt devan jye nou!" Ala ekstraòdinè, ala sa te si aklè, e poutan moun sa yo te mal konprann. Poukisa? Se paske yo te pran entèpretasyon kèk prèt ke yo t ap tandè.

57 E listwa toujou repete tèt li. Lèzekriti gen siyifikasyon, ak revelasyon ki repete.

58 Pa egzanzp, tankou sa di nan Bib la, ke, "Andeyò peyi Lejip Mwen te rele pitit Mwen," pou ap fè referans a Jezi. Pakouri rega w nan maj la sou sa, ou va jwenn, sa te refere tou a Jakòb, menm Ekriti an, Jezi se te Pitit Li ki pi gran an. Jakòb se te pitit Li an ke L te rele soti nan peyi Lejip, ke referans Scofield la ak tout lòt referans yo bay, paske se a Ekriti sa sa te refere. Kidonk sa te gen yon–yon repons doub; li te bay yon repons pou Jakòb ki te soti, e pou Jezi ke yo te rele.

59 E se konsa l ye jodi a! Se paske nou nan yon tèl brasaj jan sa ye la, e moun yo echwe pou wè Verite Bondye a, se paske gen twòp entèpretasyon lòm de Pawòl Bondye a. Bondye pa bezwen pèsonn pou entèprete Pawòl Li. Li se Pwòp entèprèt Li.

60 Bondye di, nan kòmansman, "Ke limyè parèt," e te gen limyè. Sa pa bezwen entèpretasyon.

61 Li di, "Yon vyèj va vin ansent," e manzè te fè l. Sa pa bezwen ankenn entèpretasyon.

62 Lè...entèpretasyon Bondye de Pawòl la se lè Li konfime epi pwouve L ke se sa. Sa se entèpretasyon pa L, lè L akonpli L. Sa se entèpretasyon Bondye, se lè L akonpli Pawòl la. Li entèprete L pou ou.

63 Se kòm si pa t janm te gen limyè, epi Li di, "Ke limyè parèt," e sa te fèt, sa pa bezwen entèpretasyon pèsonn.

64 Men nou gen sistèm lòm melanje Ladann, e, lè w fè sa, ou—ou fè L kite liy lan. Sa te toujou fason sa.

65 Men m toujou panse a kouman sa te dwe frapan. Panse a sa, Mesi a! Poukisa yo te echwe wè L? Paske, pwòp lidè yo ki te dwe konnen L, ki te dwe byen vèse nan Lèzekriti, ki te dwe gen bon konprann sou Lèzekriti, yo te diminye Nonm sa pou di, "Li se yon timoun ilejitim, pou—pou kòmanse. Nou patka kwè Sa."

66 Dè zane pi ta, nou pa kwè sa. Nou t ap mouri pou ap di ke Li te yon Pitit ne de yon vyèj.

67 E sa va akonpli yon jou ke, bagay menm ke nou wè Jewova ap fè jodi yo, dèzòm nan aj k ap vini yo, si ap genyen, va mouri pou bagay ke n ap pale de yo jodi a. Ou va gen pou fè lè mak bèt la va vini, e yo pap pèmèt ou preche Levanjil fason sa. Kan gwo sendika legliz yo va vin ansanm, sa ki ap aliye l kounye a menm pou legliz mond lan, ou va gen pou sele temwayaj ou ak pwòp vi w, pou Sa a.

68 Ou dwe kwè nan Li kounye a. Si prèt sa yo te kab resisite, ki te kondane l la, yo pa t ap kondane l. "Men," ou di, "si m te la lè sa a, mwen ta fè sesi--sela." Oke, se pa t laj ou a. Men, sa a se laj ou a, sa a se tan an. Ou di, "Bon, si L te isit la!"

69 Bib la te di: "Li se menm nan ayè, jodi a, ak pou tout tan," se menm bagay la, kidonk Li isit la. Men, Li la a. Kòm mond lan te sivilize, vin pi espektakilè, e pi edike, Li isit la nan fòm Lespri a, ke yo pa ka touye oswa kondane L pou mouri. Li te mouri yon fwa; Li pa ka mouri ankò. Li te dwe fè L chè pou ke yo te touye Bondye ki te nan chè a, akòz de peche. Men, fwa sa a, li pa p janm ka mouri; Se Lespri Sen an.

70 Kounye a, koumanw ka panse ke yo te gen bagay sa yo kont li! Yon lòt bagay, sè ke L pa ta rejwenn okenn nan ran yo a. Kidonk, ou wè, sa toujou fè de li yon move moun. Li pa t ap jwenn Ni a-- òganizasyon yo a— li pa t ap antre nan prètriz yo a, epi li pa t ap gen anyen pou wè ak sa. Apre sa, anplis de tout sa, li te eseye demonte sa ke yo te konstwi a.

71 Li antre nan tanp lan. Nou rele l yon nonm ki dosil; Li te konsa, men anpil fwa nou mal konprann sa dosilite ye.

72 Li te yon moun ki gen konpasyon, men poutan nou pa rive konprann sa konpasyon ye. Se pa senpati imen, se pa konpasyon sa. Men, konpasyon se "fè volonte Bondye".

73 Li t ap pase bò pisin--Betesda a, pòtay la. Gen moun ki te kouche la a, plizyè nan yo. Plizyè se pa yon chif kèlkonk. Men, te gen plizyè ki te lonje la a: moun k ap bwete, ki avèg, ki te paralize, ki atwofye. Epi li te toujou gen konpasyon, pou pèp la. Epi li te al kot yon moun ki pa t ap bwete, avèg, paralize, ni atwofye; petèt ki te gen yon pwoblèm pwostat, petèt li te gen kèk ti maladi ki te retade. Li te gen trant-uit lane. Sa pa ta pral deranje l, pa ta pral touye l. Li te kouche sou yon kabann payas. Epi li di: "Èske w vle geri?"

74 Epi nonm lan di: "Mwen pa gen pyès moun pou lage m nan dlo a, men pandan ke m ap vini, ebyen, yon moun desann anvan m." Ou wè, li te kab mache, li te kapab wè, li te kapab deplase vin la a, men li te jis fèb.

75 Jezi di li: Leve kanpe. Pran kabann ou epi al lakay ou." Epi yo te poze Jezi kesyon sou sa, paske nou sonje sa ke Ekriti a te di.

76 Se pa etonan! Si L ta vin Jeffersonville aswè a epi fè yon aksyon konsa, yo t ap toujou pale de Li.

77 Men, sonje, Li te vin fè yon sèl bagay, se te volonte Bondye. Ebyen, sa a se nan Sen Jan 5:19, ke w ap jwenn repons lan. Li te di: "An verite, an verite, Mwen di nou, Pitit la pa kapab fè anyen Limenm; sof, sa L wè Papa a ap fè, se sa ke Pitit gason an fè."

78 Kounyeya, yo te fèt pou yo te konnen ke se sa menm akonplisman pwofesi Moyiz la, "Paske Senyè, Bondye nou an, pral sisite yon pwofèt menm jan avè m."

79 Èske w te remake, lè L te wè nonm sa a, li te di...Jezù te konnen ke I te nan kondisyon sa a pandan plizyè lane. Ou wè, antan ke yon pwofèt, li te wè nonm sa a nan kondisyon sa a; epi li desann la, li fofile kò L, li fofile kò L nan mitan moun sa yo, ap avanse ti pa ti pa atravè foul la, jiskaske L rive kot nonm sa a.

80 Li te pase bò kot moun k'ap bwete, paralize, avèg, epi atwofye, poutan se yon nonm ki ranpli ak konpasyon. Men, konpasyon se "fè volonte Bondye a".

81 Kounye a, nou jwenn ke Limenm, kòm Li pa t ap jwenn Li ak yo, li pa t ap gen anyen pou I fè nan ran yo, konsa li te yon rejte. Li pa ta gen okenn...

82 Anplis de sa, li te antre nan tanp lan yon jou. Yon Nonm te antre la a epi I te jwenn kay Bondye a osi kontamine ke jan I ye jodi a. Yo t ap achte, vann, chanje lajan. Apre sa, li vire tab la tèt anba. Li te pran kòd epi te trese yo, epi Li te bat echanjè lajan yo deyò tanp lan. Epi li gade yo ak kòlè, li di: " Li te ekri, aleluia, "Lakay Papa m se yon kay pou lapriyè. epi ou fè I tounen kavènn pou volè. Epi ou menm, ak tradisyon ou yo, ou fè kòmandman Bondye yo san efè."

83 Oh, èske yon bann moun konsa ta janm kwè nan li? Non, mesye. Yo tèlman te tèlman ap woule tankou kochon nan labou sosyete a ak salte jounen jodi a, jiskaske yo te tèlman eklezyastik konjle opwen ke yo pa t kab santi vibrasyon pouvwa Bondye Toupisan an. Se pa etonan ti dam nan te ka manyen rad Li epi I te geri ; epi yon sòlda sou te kab krache nan figi I, li pa santi okenn fòs! Sa depan de fason ou apwoche Li. Sa depan de sa w ap chèche a. Lè w al legliz, sa depan de sa w ap chèche a.

84 Kounye a nou wè I ki kanpe la a. Pa gen dout ke pèp la te deja avèti I, te avèti ... prèt la te avèti pèp la, "Kounye a, li pral vini isit la pwochen Saba a, epi, lè L vini, pa koute Li. Kounye a, ou ta ka al chita la a, men pa fè atansyon ak sa I ap di di, paske Li pa fè pati de gwoup nou an. Li se yon rejte. Li pa gen kat kominyon. Li pa menm gen yon papye òganizasyon avèk li. Li pa gen anyen konsa." "Kisa Li ye?"

85 "Kèk ti jenn rebèl ki te fèt bò isit la, de nesans ilejitim, nan kay yon bòs chapant, ke manman an te ansent de li anvan ke yo te marye, epi yo t ap eseye kache bagay la ak kèk bagay sinatirèl.

86 "Nou konnen ke, lè Mesi a vini, li pral desann nan koridò syèl la, li pral kot gran prèt nou an epi I ap di: 'Men mwen, Kayif.'" Men, nou reyalize ke L pa t fè sa konsa, paske li pa t ekri nan Pawòl la konsa. Se te yon tradisyon lèzòm--fè ki te lakoz ke yo kwè sa.



87 Pawòl la te di ke L t ap vini jis fason L te vini an. Epi L te kanpe la, Li t ap li Pawòl la, e t ap di yo: Jounen jodi sa a, Ekriti sa a te akonpli nan je nou. E ankò la yo fayi pou wè Li oswa rekonèt Li, menm jan ke yo te fè nan tout lòt laj.

88 Noe te kab di menm bagay la, jou ke l te antre nan lach la epi pòt la te fèmen a. Moyiz te kapab souleve fennèt sa a anlè tèt lach la, li te ka gade asanble a... Sonje byen, Bondye te fèmen pòt la. Epi l te kab di, "Jodi a Ekriti sa a akonpli nan je w," men li te twò ta pou yo lè sa a. Li te preche sanventan, pou l te eseye mete yo nan batiman li te konstwi a, li t ap di yo ke Ekriti a te di, "ENSI DI SEYÈ A, lapli pral tonbe," men yo te tann twò lontan. Men Noe te kab fasilman di ke, "Jounen a, jodi sa a, Ekriti a akonpli."

89 Moyiz, menm jou kolòn dife a te desann sou mòn Sinayi a e li te bay temwayaj li a, Moyiz te kab di: "Jodi a Ekriti sa a akonpli."

90 Moyiz, ou konnen, se te yon moun ke Bondye te rele, yon pwofèt. Epi pandan ke yo te rele l, antan ke yon pwofèt, li te oblije fè yon eksperyans sinatirèl. Pou l te kab yon pwofèt, li te oblije rankontre Bondye fas a fas epi pale avè l. Epi yon lòt bagay, sa l te di a te dwe rive, sinon pèsonn pa t ap kwè l.

91 Kidonk pèsonn pa gen dwa pou l rele tèt li konsa jiskaske li te pale fas a fas ak Bondye, dèyè do yon dezè nan yon zòn, kote l te rankontre Bondye, li menm. Epi tout ate yo nan mond lan pa t kab eksplike l li; li te la a, li konnen l te rive. Chak kretyen ta dwe fè eksperyans sa a anvan ke yo di kwakseswa sou sa ki yon kretyen. Pwòp Eksperyans ou a!

92 Mwen te pale ak neve m nan, yon ti tan de sa, yon ti jennonm Katolik, ki te di, "Tonton Bill, m te pase de kolòn a poto, m te al toupatou, ap eseye jwenn yon bagay." Sware apre sware, anvan reyinyon sa a te kòmanse, li t ap kriye. E nan mitan lannwit, li t ap pede reve ke l ta p antre la a, t ap kouri vin a lotèl, kote m ap preche a, epi konfesyon ke l te antò.

93 Mwen te di, "Melvin, kèlkeswa kote w eseye ale a, kantite legliz ou fè w manb, kantite 'je vou sali Mari,' ou te resite, oswa kantite benediksyon ou te resevwa nan men lèzòm, ou dwe ne de nouvo de Lespri Bondye a. Se sèl bagay ki pral satisfè kè imen an."

94 Pou sa a, mwen konnen ke yo te gen yon ranplasan, jodi a, pou ne de nouvo a, jis bay lanmen ak predikatè a epi mete non w nan liv la. Men, zanmi, sa a se yon dògm. Se pa yon Verite Bib la. Si se ta sa, Zèv Apot yo, nan 2yèm chapit la, ta dwe li konsa, "Lè jou Pannkòt la te enfen rive, pastè a te soti e li te bay moun yo lan men."

95 Men, li te di: "Lè Jou Pannkòt la te enfen rive," nan inogirasyon Legliz la, "te gen yon bri ki sot nan Syèl la tankou yon gwo van k ap woule, epi li te ranpli tout kay kote yo te rete a." Se konsa Lespri Sen an te vini premye fwa a. Se konsa L vini chak fwa depi lè sa a. Li se Bondye, epi Li pa chanje. Koulye a, sa fè moun bite. Yo di: "Sa a se te pou yon lòt jou."

96 Ebyen, Li se menm nan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Chak fwa Legliz la te janm resevwa Sentespri a, Li te toujou vini tankou L te fè L premye fwa a, anba menm preskripsyon an, Akt 2:38; li pa janm chanje, li pap janm chanje.

97 Tankou preskripsyon yon doktè pou yon maladi. Li pral ekri yon preskripsyon pou yon maladi, doktè a fè sa. Epi pote l bay kèk famasyen chalatan, epi li mete twòp antidot la

ladan l, li tèlman fèb li pa pral fè anyen pou ou; si l met twòp pwazon ladan l, l ap touye w. Li dwe jis selon sa doktè a te ekri a.

98 Epi Doktè Simon Pyè te ban nou preskripsyon doktè a sou fason pou nou resewa Sentespri a, nan Jou Pannkòt la. "Mwen pral ba w yon preskripsyon. Repanti, chak nan nou, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche yo, epi n ap resewa don Sentespri a. Paske, preskripsyon an se pou moun ki byen lwen yo, e menm pou tout moun Seyè Bondye nou an, va rele. Preskripsyon Etènèl la!

99 Moyiz te fè eksperyans sa a. Li desann nan peyi a epi li kòmanse di pèp la: "Mwen te rankontre yon Kolòn dife. Li te nan yon ti touf bwa ki t ap boule. Epi li te di m pou m di nou: 'MWEN SE SA MWEN YE A. Al anba a; Mwen pral avèk ou. Pran baton an nan men w, leve l sou peyi Lejip la. Kèlkeswa sa w mande a, l ap fèt.'" Ebyen, gendwa gen kèk prèt ki te di: "Sa se blag!"

100 Men, lè yo te wè vrè aksyon sa yo, pran, ap pase, yo pa t kab reziste ankò. Yo te konnen ke se Bondye ki te voye l.

101 Alòs, si Moyiz te di li wè sa, epi li te temwaye ke l se Verite a, lè sa a Bondye gen obligasyon, si sa se Verite a, pou l idantifye epi konfime pawòl nonm sa a, Verite a. Se vre.

102 Si Jezikri te kanpe la epi te li, jou sa a, "Jounen jodi sa a se Pawòl sa a ki akonpli devan nou," Bondye gen obligasyon pou fè Pawòl sa a akonpli.

103 Nou kanpe la aswè a epi n di, "Jezi Kris la se menm nan ayè, jodi a ak pou tout tan." Bondye gen obligasyon pou l pwouve ke sa a se egzakt, paske se Pawòl Li. Koulye a, kisa sa fè? Li mande lafwa, pou kwè Li. Li mande lafwa, pou kwè Pawòl Li a, sa Se Laverite.

104 Remake sa k te rive lè Moyiz te fè timoun yo soti, ansanm ak tout moun ki t ap suiv li yo. Sila yo ki pa t suiv yo te rete nan peyi Lejip. Men sila ki te swiv Moyiz, lè yo soti nan Lanmè Wouj la, epi soti nan dezè a, Bondye te desann sou mòn Sinayi a. Kolòn dife sa a te mete dife limen mòn lan, epi yon Vwa te sot ladann, epi Bondye te bay dis kòmandman yo.

105 Moyiz te kab monte la devan pèp la, epi di: "Jòdi a, ekriti ke m te di nou an, antanke pwofèt Li a, akonpli jodi a. Mwen te di nou ke Bondye te rankontre m, epi la anwo a nan yon ti touf bwa k ap boule, nan yon kolòn dife, epi Li te di sa a, 'Mwen pral ... Sa pral yon siy. Ou pral mennen moun sa yo tounen nan kote sa a ankò isit la. Epi men Bondye, nan menm kolòn dife ke m te di nou li te ye a, ki pandye jis la sou mòn lan. Jounen jodi sa a, pwofesi sa a akonpli. Men li isit la pou konfime ke bagay mwen te di yo se Laverite."

106 Bondye ban nou plis gason konsa, ki onèt e sensè, epi ki di Laverite, ke Bondye Toupwisan an te kab konfime ke Pawòl Li a se toujou Laverite! Li rete menm nan ayè, ak tout tan. Poukisa Li pa ta fè sa? Li te pwomèt pou l fè l.

107 Jozye ta ka di menm bagay la, jou li te tounen Kadès- Barnea, kote yo te vwayaje byen lwen nan dezè a. Yo te doute ke peyi a te jan de peyi Bondye te di ke l ta ye a. Men Bondye te di yo ke se yon bon peyi, lèt ak siwo myèl tap koule la a. Epi Jozye ak Kalèb te

yo de a sèlman ki ta kwè sa, pami lòt dis ki te kite yo a. Lè yo tounen, yo te gen prèv la; yo te gen yon grap rezen ke sèlman de gason fò te kab pote.

108 Jozye ak Kalèb te kab kanpe la menm epi te di: “Jounen jodi a, Ekriti sa a te akonpli. Men prèv ki montre ke se yon bon peyi.” Sèten. Poukisa? “Men prèv ki montre ke se yon bon peyi. Ki kote w te janm jwenn bagay sa yo, nan peyi Lejip? Pa t gen okenn kote konsa. Men jounen jodi sa a Ekriti sa a te akonpli.”

109 Li te ka di menm bagay la, lè l te pwofetize pou di ke mi Jeriko yo ta pral tonbe apre yo t ap fin mache fè tou yo sèt fwa, sèt fwa nan yon jounen. E lè yo te mache fè tou yo dènye fwa sa, mi yo te tonbe. Jezye te ka kanpe pou di, “Jodi a, Kapitèn an Chèf lame Seyè a ki te di m dè semèn pase ke sa t ap rive jan sa, jounen jodi a Ekriti sa akonpli.” Men mi yo la, plat atè. “Annou wè, ann al pran l. Se pou nou. Jounen jodi a Ekriti sa akonpli.”

110 Ala sa mèveye, dèzòm de Dye ki te pran pozisyon pou bagay ki jis!

111 Izrayèl, nan rivyè a, lè yo te posede peyi a, te travèse. Kouman yo ta pral fè sa? Se te nan mwa Avril. Dlo yo t ap koule desann poutèt nèj la t ap fonn, anwo a nan Jide. O, ala yon jeneral kreten sa te sanble ke Bondye te ye, pou mennen pèp Li la, nan mwa Avril, kote Jouden an te pi wo ke l te janm konn ye. Pafwa...

112 M te ka rete la, si m te gen tan, pou ba w jis yon ti apèsi. Pafwa ou ka deyò a la ak kansè, oswa ou ka la ak yon maladi; w ap panse, “Poukisa, mwen menm, ki se yon Kreyen, te ka nan chemen sa? Poukisa m te dwe chita la, si m se yon Kreyen?” Pafwa Bondye kite bagay yo vin sitèlman sonb ke w pa ka wè ni anwo, ni toutotou, oswa ankenn lòt kote, e alò Li vini epi fè yon chemen atravè sa pou ou, pou w ka di, “Jounen jodi a Ekriti sa akonpli, sa ke Li te pwomèt pou L fè.”

113 Li te kite ti mesye Ebre yo mache drèt nan founèz cho a. Yo te di, “Bondye nou an ka delivre nou de dife sa nan founèz la. Men, malgres, nou pap koube devan imaj ou a.” Kan yo te soti la, ak sant founèz la sou yo...san sant founèz la, pito, sou yo; yo te ka di, “Jounen jodi a Ekriti sa akonpli.”

114 Kan Danyèl te soti nan fòs lyon yo, li te ka di menm bagay la.

115 Jan Batis. Apre katsan lane ak ansèyman eklezyastik, se pa etonan ke legliz te nan yon galimatcha nan epòk sa! Lè li te parèt nan dezè a, nan Jouden an, li te ka kanpe drèt la sou bò rivyè a, jan l te fè a, pou di, “Jounen jodi a Ekriti sa, Ezayi 40, akonpli.”

116 Ala m te ka rete la pou di w sa granmoun prèt sa te di m! Li te di, “Pitit gason m, ou pap janm fini Mesaj sa.”

M te reponn, “Rete trankil.”

Li te di, “Ou vle di Pannkotis sa yo pa sezi sa?”

Mwen te reponn, “Non.”

117 Li te di, “Mwen sezi l.” Yon prèt Katolik, tou! En-en. Li te di, “Poukisa ou pa t al fè wout ou?”

M te di, “Rete trankil.”

Li te reponn, “Glwa pou Bondye! Mwen sezi l.”

118 E apeprè nan moman sa Sentespri a te tonbe sou sè li, ki te la nan reyinyon an. E manzè te leve, ap pale an lang, epi bay entèpretasyonan bagay menm ke prèt la avè m t ap pale a, sou estrad la. Tout legliz la nèt, tout plas la nèt, te rantre nan yon ekstaz. Sa te transpòte al nan konvansyon Oral Rebert semèn pase a, oswa semèn avan semèn pase a, e se te konvèzasyon an konvansyon sa. Jan ke prèt sa...Sou enflyans Sentespri a, te gen revelasyon an la atravè yon fanm, sè pa li mwen kwè se te sa, de bagay ki t ap pase anwo a la sou estrad la, e ki te revele bagay sa ke nou t ap di an sekrè a.

119 Tan ke n ap viv la, jounen jodi a Ekriti sa akonpli. Jounen jodi a Limyè tan di swa te vini, e nou echwe pou wè L. Remake.

120 Jan te di, "Jounen jodi a mwen se 'vwa k ap rele nan dezè a,' jan pwofèt Ezayi te di a, 'Prepare chemen pou Seyè a.'"

121 Yo pa t konprann sa. Ap di, "O, ou se Jezi...ou se—ou se Kris la," pito.

122 Li te reponn, "Se pa mwen ki Kris la." Li te di, "Mwen pa diy pou delase soulye L. men," li te di, "Li kanpe nan mitan nou, kèkpa," paske li te sèten ke Li t ap la. Li t ap la nan jou pa l la, paske Bondye te di l li t ap entwodui Mesi a.

123 Yon jou yon jènnòm te vin ap pase desann la, e li te wè tankou yon Limyè anlè tèt Li, yon siy. E li te rele byen fò, "Men Li Ayo Bondye a! Jounen jodi a Ekriti sa akonpli devan nou." Sèten.

124 Jou Pannkot la, ala kanpe Pyè te pou ap site Ekriti yo, nan Jowèl 2:38. Pandan, yo t ap ri, moun sa yo. Yo pa t ka pale nan pwòp lang yo. Yo t ap pale de lòt bagay. Bib la di, "langaj Enkoni." Enkoni se yon langaj "pa klè", ki pa di anyen, jis ap gagouye. Ap pwonmennen toutotou tankou on bann moun ki sou!

125 Yo tout te di, "Ebyen, moun sa yo sou. Gade yo, gade kouman y ap aji, fason fanm ak mesye sa yo. Yo dezòdone," se sa gwoup reliye jou sa te di.

126 Pyè te leve kanpe nan mitan yo, pou di, "Mesye frè m yo, nou menm ki abite nan Jerizalèm, ak nou menm ki abite nan Jide, ke nou kapab konnen ke moun sa yo pa sou, jan nou sipoze a, piske se twazyèm è nan jounen an. Men sa se sa ke pwofèt Jowèl te pale a, 'Sa va rive nan dènyè jou yo, ke Mwen va devèse Lespri M sou tout chè.' Jounen jodi a Ekriti sa akonpli." Sètènman.

127 Litè te vini jis a tan. Wesle te vini jis a tan. Pannkot te vini jis a tan. Anyen pa dezòdone.

128 Kounye a, m mande w pou w konsidere aj ak tan n ap viv kounye a, avèk Pawòl ki pwomèt pou jodi a. Si nan lòt aj pase yo, moun yo ta ka di, "jodi a Ekriti sa a," "Jodi a Ekriti sa a," alò, sa k rive pou Ekriti jodi a? Kisa k te pwomèt pou jodi a? Ki kote nou kanpe? Nan ki tan n ap viv, pandan revèy la ap sonnen, revèy syantifik la, twa minit anvan minwi? Mond lan te gen tranbleman. Legliz la nan yon bèso kòwipsyon. Pa gen pèsonn ki konn ki kote l kanpe. Ki lè nan jounen an li ye? Sa k rive a Ekriti pou jodi a? Kondisyon nan legliz yo, oswa, kondisyon nan legliz yo jodi a!

129 Nan mond lan, politik yo, sistèm mondyal nou an, sa jis pouri otan ke posib. Mwen pa yon politisyen. Mwen se yon kretyen. Men, mwen pa gen okenn biznis pou ap pale de politik, men mwen jis vle di yo pouri toulède kote.

130 Mwen te vote yon fwa, se te pou Kris; Mwen oblije genyen. Dyab la te vote kont mwen, e Kris te vote pou mwen; sa depann de ki bò mwen plase vòt mwen. Mwen byen kontan m mete l sou Li; kite mond lan di sa yo vle. Mwen kontinye kwè ke Li se menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan. Li pral pwouve sa. Li sètènman pral fè sa. Sètènman.

Ogmantasyon nan krim, delenkans jivenil!

131 Gade nasyon nou an, otrefwa krèm tè a, gwo demokrasi nou an te pran fòm laba nan—nan... nan deklarasyon endepandans lan, epi deklarasyon endepandans lan te siyen, epi nou te gen yon demokrasi, epi gran zansèt nou yo, epi bagay yo te fèt, nou te vin gen yon gran nasyon.

132 Men kounye a, l ap pouri, epi kraze, epi sekwe, li bay grabèl. Epi ap eseye takse moun, pou jwenn lajan pou voye lòt bò, pou achte amitye lènmi yo; y ap voye l tounen nan figi nou. Yon premye gè mondyal, dezyèm gè mondyal, epi toujou ap avanse pou yon twazyèm. Sètènman. Politik pouri, kòwipsyon, pouri jouk nan zo. Jis egzaktman sa Matye 24 te di l t ap ye a, "Nasyon ap kont nasyon, wayòm kont wayòm." Tout bagay sa yo pral rive. Ann konsidere sa kounye a. Trè byen.

133 Remake yon lòt bagay, ogmantasyon nan rechèch syantifik. Kounye a, yon fwa, jis yon...Granpapa m te ale wè grann mwen, nan yon charyo ak bèf. Kounye a se avyon, oswa menm al nan òbit anlè a, nan lespas.

Se enkwayab...Kijan, ki moun ki te di sa? Danyèl 12:4, te di, "Konesans pral ogmante nan dènye jou yo." Nou wè ki tan n ap viv la. Remake kounye a kon–kondisyon yo nan mond lan, kondisyon lasyans.

134 Epi remake ankò, jodi a, nan sistèm edikasyon nou an. Kounye a, pa eseye nye sa. Mwen te gen ti bout journal yo, ap anseye sèks nan legli-nou yo...nan lekòl nou yo, a jèn elèv yo pou gen relasyon seksyèl youn ak lòt, pou wè si yo ka ansanm nan mond lan. Wi mesye.

135 E nan sasèdòs nou an? Aswè a mwen te resevwa yon pati nan journal la. Laba nan Los Angeles, Kalifòni, kote yon pakèt moun ekleziastik, minis Batis ak Presbiteryen, te pote yon pakèt moun omoseksyèl anndan an ap pratike omoseksyalite, pou ap di ke yo t ap eseye konvèti yo pou Bondye. Alòske, sa se youn nan madichon nan moman sa, Sodomit! Epi lalwa te menm arete yo.

136 Kounye a ki kote nou ye? Tout sistèm nou an te pouri anba nou. Mwen wè omoseksyalite atravè Etazini te ogmante a ven oswa trant pousan lane pase. Panse a sa, gason k ap viv ak gason, jis egzakteman menm jan yo te fè nan Sòdòm.

137 Ogmantasyon nan krim, delenkans jivenil! Nan ki tan n ap viv? Jounen jodi a, Pawòl pwofesi sa akonpli.

138 Mond relijye a, legliz la li menm, legliz la, legliz yo rele a, ke nou rele legliz aple a, dènye aj legliz la, aj legliz pannkotis la, ki kote li ye? Li nan Lawodise, jan Ekriti yo te di a.

139 Jodi a nou bese estanda yo. Fanm yo a mwatye abiye. Mesye yo se...Se yon bagay tèrib. Kèk nan yo te marye twa oswa kat fwa, yo nan konsèy dyak, ak tout lòt bagay yo. Yo mòde lage, epi pote kòripsyon, paske yo te chita nan komite yo pou pran plas ak mond lan.

140 Epi, jodi a, yo gen pi bon bilding, yo pa t janm genyen. Kèk kote, youn nan yo ap bati yon oditoryòm senkant milyon dola, senkant milyon dola. Pannkotis! Vennsenkan de sa, li te abitye nan kwen an, ap bat yon tanbourin. Te di: "Nou..."

141 Paske, Ekriti a te di, nan Apokalips 3, ke ou "'Rich,' te di: 'Mwen rich. Mwen chita tankou yon rè. Mwen pa bezwen anyen.' Epi ou pa konnen ke ou malere, mizerab, pòv, toutouni, avèg, epi w pa konn sa!"

142 Jounen jodi a Ekriti sa akonpli nan je nou. Amèn! *Amèn* vle di "Ke sa fèt konsa." Mwen pap di amèn a tèt mwen, men mwen vle di mwen kwè se Laverite. Jounen jodi a Ekriti sa akonpli.

143 Legliz pannkotis la nan yon kondisyon Lawodise. O, yo kontinye ap sote epi rele, epi kontinye lè mizik la ap jwe. Kan mizik la sispann jwe, oswa mizik modèn kèk nan yo jwe epi rele li Krisyanis, apres a pe enpòt lè l sispann lan, tout glwa a pati. Ya.

144 Si se yon louwanj reyèl pou Bondye, pa gen ase sifleman ak ase–ase pwisans nan mond lan pou rete l. Lè sa vrèman vin de Bondye, li pa bezwen mizik pou ap remonte l. Sa pran Lespri Bondye pou desann sou li. Se sa ki fè li.

145 Epi yo te bliye l depi lontan, paske yo te klase don Sentespri a, "prèv inisyal pale an lang". Poutan, m te tande dyab ak sòsyè pale an lang.

146 Sentespri a se Pawòl Bondye a nan ou, ki idantifye Tèt Li nan aksepte Pawòl sa. Andeyò sa, li pa ka Sentespri a. Si l di se Sentespri a, epi li nye yon Pawòl nan Bib sa, sa pa ka Sentespri a. Sa se prèv si ou kwè ou pa.

147 Remake yon lòt gwo siy. Jwif yo nan peyi yo; pwòp nasyon yo, pwòp lajan yo, yon manm Nasyonzini. Yo gen pwòp lame yo. Yo gen tout bagay. Yo nan peyi yo; Jezi te di: "Aprann yon parabòl sou pye figye a." Men yo laba, te retounen nan nasyon yo. Jounen jodi a Ekriti sa akonpli, Jwif yo nan peyi yo.

148 Jounen jodi a, Ekriti sa akonpli, aj Legliz Lawodise a.

149 Jounen jodi a Ekriti sa, Matye 24, akonpli. Mond lan nan kòripsyon, nan tout bagay; nasyon kont nasyon, tranbleman tè nan divès plas, gwo toubiyon k ap desann, sekwe nasyon yo, elatriye, gwo dezast toupatou. Jounen jodi a Ekriti sa akonpli.

150 Kounye a, nou dekouvri kondisyon mond lan. Nou wè ki kote legliz nòm—nòm, òganizasyon, denominasyon, nou wè ki kote yo ye. Nou wè kote nasyon yo ye. Epi nou wè ke jodi a pwomès sa yo akonpli.

151 Kounye a, men nan jou sa gen pou vini yon sipè, Semans Wayal Abraham. Se egzakteman sa Li va ye, li va yon Epouz Wayal pou sa k Wayal la, Pitit Bondye te pwomèt la. Jan m te di yè swa, li pa pral yon semans natirèl, li pral yon Semans espiyèl. Dwe gen yon Epouz espiyèl k ap leve, ki pral Semans Wayal fwa wayal Pitit Wayal Abraham lan. Li gen pou vin sou sèn lan nan dènye jou yo, epi pou tan an ak plas la se yon pwomès Li te resevwa .

152 Dapre yon Ekriti, Malachi 4, gen yon Mesaj ki dwe leve ki pral sekwe kè moun yo tounen drèt al jwenn zansèt apostolik yo ankò. Gen youn ki gen pou vin sou sèn lan, nan pwisans Eli a, ki va vin sou sèn lan; yon nonm sovaj ki va soti, epi ki va gen yon Mesaj k ap kouri tounen tou dwat nan Pawòl la ankò. Sa a se moman n ap viv ladann lan.

153 Alò, konsidere kounye a, mwen mande nou nan moman sa, nou menm moun ki isit la Jeffersonville. An 1933, Limyè Sinatirèl ki te desann sou rivyè a, jou m t ap batize senksan moun nan Non Jezikri a, jis yon jèn gason apeprè ven lane. Kisa L te di, Jeffersonville? Kisa L te ye anba lari Spring la, lè *Journal Courier*, mwen kwè se te *Louisville Herald*, te soti yon atik sou sa? Li te releye atravè Associated Press la, releye nan Canada. Doktè Lee Vayle te dekoupe l nan journal la, anwo nèt nan Canada, an 1933.

154 Lè m t ap batize disetyèm moun pa m nan, devan Temwen sa; e nou konn rès istwa a. Pandan m te kanpe la, ap batize disetyèm moun nan, yon Limyè te desann soti nan syèl la, ki t ap klere desann pa anlè laba, tankou yon zetwal ki t ap desann soti nan syèl la. Yon Vwa te di, "Menm jan yo te voye Jan Batis pou anonse premye vini Kris la, Mesaj ou a va anonse dezyèm Vini Li an, nan tout mond lan." Jounen jodi a, Ekriti sa akonpli.

155 Jou sa a! Bondye te pwomèt li. Sa k te pase? Jou sa a Sa te ale patou atravè mond lan.

156 Epi lè Bondye te desann laba a epi te di sa, lè m te yon ti gason toupiti, nan yon ti touf bwa anflame, oswa yon ti touf bwa anwo laba, anflame ak yon Kolòn Dife, anwo isit la nan plas Wathen nan Utica Pike; ap bote dlo laba a, soti nan etab sa pou al nan yon gildiv kleren kontrebann, ou konn verite a. Li te di, "Pa janm fimen, oswa bwè, oswa souye kò w, paske gen yon travay pou w fè lè w vin pi gran." Mwen temwaye ke se Laverite, ke m te wè Li. Epi, menm jan L te fè pou Moyiz, Li te pale devan kongregasyon anba la, pou di: "Sa a se Laverite."

Jounen jodi a Ekriti sa akonpli nan mitan nou.

157 Gade sa L te di konsènan disènman an, epi kijan sa t ap ye; soti nan poze men sou yo, rive konnen sekrè ki nan kè yo. Jounen jodi a Ekriti sa akonpli devan je nou.

158 Pwomès sa yo ki te fèt, remake, tout pwomès sa yo te pwouve epi akonpli pa Bondye pwomès la. Gade, foto anj Seyè a akwoche, aswè a, nan Washington DC!

159 Jan George J. Lacy, chèf anprent ak dokiman FBI

pou gouvènman Etazini an, te egzamine Li nan Houston, Texas, pou te di, "Sa a se sèl Èt Sinatirèl ki te janm fotografye nan tout mond lan." Li ta dwe konnen; li se meyè nan mond lan, pou sa.

160 Remake, Li sispann la, kòm Laverite, menm Kolòn Dife ki te kondui pèp Izrayèl la laba nan dezè a. L ap kondui jodi a, menm sòt de Mesaj la, ki se, "Soti kite peyi Lejip!...?...Jounen jodi a Ekriti sa akonpli. Ou konn Mesaj Li te di a.

161 Gade vizyon Tucson lan, twazan de sa, pandan m te kanpe isit la sou ray la. Kote, senkan anvan sa, Li te di, "Jou sa otorite vil la te plante yon poto desann devan pòtay sa, vire tèt ou nan direksyon Lwès." Moun ki nan tabènak mwen an ki la, yo konnen pwop-... sa—moman sa. Se vre.

162 Epi jou lè Mesye Goynes ak lòt yo te la, e yo te plante poto sa nan tè a, mwen te di madanm mwen, "Gen yon bagay sou sa."

Li te di: "Kisa l ye?"

Après, mwen te antre pou gade nan ti liv mwen an. Menni li te la.

163 Epi nan demen maten, a dizè, m te chita la, nan chanm mwen, vè dizè, anj Seyè a te desann. Li te di,

"Al Tucson. Ou pral nan nòdès Tucson, epi sèt zanj pral vini an gwoup ki pral souke tout tè a bò kote w." E L te di: "Yo va ba w detay laba."

164 Konbyen moun ki sonje sa, isit la, byen anvan sa te rive? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Gen moun ki chita isit la nan bilding sa aswè a, ki te kanpe laba lè sa te rive.

165 E L te di: "Sèt So mistè kache yo nan Bib la tout antye pral louvri, pou akonpli Apokalips 10, ke nan Mesaj setyèm anj lan bagay sa yo ta dwe rive." Jounen jodi a Ekriti sa akonpli devan je nou. Jounen jodi a Ekriti sa akonpli.

166 Lane pase, m te kanpe menm kote a, Mesye Wood isit la ak mwen, li te monte ti mòn lan, nan yon sòt de lapenn, poutèt madanm li te malad, Sentespri a te di, "Pran yon wòch atè a. Voye l anlè. Lè l ap desann, di, ' ENSI DI SEYÈ A, jijman pral frape tè a.' Di l ke li pral wè men Bondye, nan lè k ap vini yo ."

167 Mwen te di Mesye Wood; li prezan aswè a. Epi, mwen kwè gen, uit oswa dis nan mesye yo, oswa kenz, ki te la nan moman sa te pase a; nan demen maten, kote Seyè a te desann nan yon toubiyon epi L te taye mòn ki te antoure nou yo, epi koupe tèt pyebwa yo voye jete, pou pwovoke twa eksplozyon, epi di, "Jijman an ap dirije nan direksyon Kot Wès la."

168 De jou apre sa, Alaska te prèske plonje anba tè. E depi lè sa, anwo kòm anba Kot la, eripsyon jijman Bondye ap kontre ekran espiritèl sa. Gen yon rido fè, gen yon rido bambou, epi gen yon rido peche.

169 Sivilizasyon te vwayaje ak solèy la; Levanjil la tou. Yo te soti nan lès, ale nan lwès, tankou solèy la ale. Epi kounye a Li sou Kot Wès la. Li pa ka ale pi lwen; si L al pi lwen, L ap retounen nan lès ankò.

170 Pwofèt la te di: "Va gen yon jou ki pa p ka rele lannwit oswa lajounen," yon jou tèrib, anpil lapli ak bwouya, jis ase pou konnen kijan pou rantre nan yon legliz oswa mete non w nan yon liv. "Men, pral gen Limyè nan tan diswa a." Jounen jodi a Ekriti sa akonpli.

171 Menm—menm s-o-l-è-y ki monte nan lès la se menm s-o-l-è-y ki kouche nan lwès la. Epi menm F-i-s de Dye ki te vini nan lès la epi pwouve Tèt Li kòm Bondye manifeste nan lachè a, se menm F-i-s de Dye nan pati lwès la isit la, ki idantifye Tèt Li nan mitan legliz la aswè a, menm nan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Limyè diswa Fis la te vini. Jounen jodi a Ekriti sa akonpli devan nou.

172 Ki kote nou ye nan epòk Abrahamik sa a? Ki kote nou ye nan gran moman kote nou kanpe la, gran moman kote n ap viv la? Tout vizyon yo te akonpli.

173 E lè yon ti minis zanmi nou isit la, yon legliz sè asosye, Junior Jackson, te kouri vin jwenn nou yon swa, te vin kote m laba a, te di: "Mwen te fè yon—yon rèv, Frè Branham, sa te boulvèse m. Mwen te wè tout frè yo rasanble sou yon ti mòn." Li te di: "Sou tèt mòn sa, ou t ap anseye sou lèt ki te ekri, ta sanble, sou kèk lèt ke tan an te grave nan wòch la. Lè w te fini ak sa, ke tout sa te fini, ou te di nou, ou te di, 'Vini pwòch' e nou tout te rasanble."

174 Li di, "Ou te lonje men w yon kote epi, ta sanble, te gen tankou yon baton an metal ki te koupe louvri tèt ti piramid sa. Kan sa te fèt," te di, "se te wòch granit ki pa t gen anyen ekri sou li. E ou te mande nou pou 'gade anndan sa.'" Epi nou tout... "Nou tout te kòmanse gade." Te di, "M te vire tèt mwen, e m te remake w ta pral nan direksyon wès, osi vit ke w te kapab, nan direksyon solèy kouche a." Konbyen moun ki sonje sa? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.]

175 Epi m te rete la yon ti tan jiskaske Sentespri a te revele sa. Mwen te di, "Tout Bib la, an otan sa te revele a lòm, atravè jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a, batèm

nan Non Jezi, ak tout bagay sa yo, te revele; men gen sekre ki kache anndan L, paske Bib la sele ak Sèt So. Mwen dwe ale laba a pou jwenn sa."

176 Nan maten sa lè sèt zanj sa yo te desann e yo te eksploze tè a, epi wòch yo te vole toupatou, sèt zanj te kanpe la epi yo te di: "Retounen Jeffersonville, kote w soti a, paske Sèt So sèt mistè yo pral louvri."

177 Men nou, jodi a, nou konprann *Semans Sèpan an*. Nan kèk jou, si Bondye vle, nou pral konprann kòrèkteman *maryaj ak divòs*. Ak tout bagay sa yo ke Bondye te louvri, chak So, mistè yo depi fondasyon mond lan. Epi nou te nan lajwa, Prezans benediksyon Li yo! Sa se vre. Jounen jodi a, Ekriti sa!

178 Magazin *Life* te ekri yon atik sou sa, "Yon sèk Limyè misterye anlè Tucson ak Phoenix," menm jan mwen te di nou prèske yon ane anvan sa te rive, ki jan sa ta p ye, epi tankou yon triyang. Foto a pandye nan legliz la laba. Ou menm ki abòne ak magazin sa jwenn li. Men ni ki te la, jis egzakteman. Yo te di: "Se vennsèt mil wotè ak trant mil lajè. Yo poko konprann toujou sa ki te pase a. Li te parèt misteryezman e li te ale misteryezman."

179 Frè Fred Sothmann, Frè Gene Norman ak mwen menm, te kanpe la, twa se yon temwen, tankou anlè tèt mòn lan: Pyè, Jak, ak Jan, pou bay temwanyaj, te kanpe laba pou ap obsève sa lè l te rive, epi n te wè sa fèt.

180 Men Li la, sispani nan syèl la; sitèlman lwen, pa gen okenn imidite, pa gen okenn imidite oswa anyen pou fè yon--yon bwouya. Kijan yo te ka vin la? Se te zanj Bondye yo ki t ap retounen, apre Mesaj yo a. Jounen jodi a pwofesi sa te akonpli nan mitan nou. Jounen jodi a Ekriti sa te akonpli.

181 Obsève, sèt So yo te louvri. Toubiyon an nan Kot Lwès la. Kounye a, pa manke sa, tankou yo te fè anvan laba.

182 Kounye a, pou atansyon nou, yon ti jan pi pre epòk nou an. Kisa Ekriti yo di sou jodi a, epi sou tan n ap viv la? Jezi te pale...Mwen pap gen tan pran yo tout, men mwen vle pran dènye sa a anvan nou klotire.

183 Jezi te di, nan Sen Lik chapit 17 la, vèsè 30. JeziKri, Pawòl la Li Menm! Ou kwè sa? Jezikri, Pawòl la Li menm, te nan lachè, te pale epi te di kisa Pawòl la ta pral ye nan fen tan an, kisa ki pral siy fen mond lan. Li te di nasyon yo ta pral leve kont nasyon, men Li te di, "Jan sa te ye nan epòk Sodòm lan, se konsa sa va rive nan jou lè Fis de lòm nan pral revele."

184 Kounye a, lè Jezi te vin sou tè a, li te vini nan non twa Fis: Fis de lòm, ki se yon pwofèt; Fis de Dye; epi Fis de David.

185 Kounye a, li te viv isit sou tè a. Li pa t janm di Li se Fis de Dye. Li te di: "Mwen se Fis de lòm." Jewova Li Menm te rele Ezekyèl ak pwofèt yo, "fis de lòm." Paske, Li te dwe vin akonpli Ekriti a antan ke pwofèt. Moyiz te di: "Seyè a, Bondye nou an, va sisite yon Pwofèt tankou m." Se rezon sa ki fè Li pa t kapab Fis de Dye laba, paske li te Fis de lòm nan. Li... "Pawòl la te al jwenn pwofèt yo." Epi Li te Pawòl la nan plenitud Li. Fis de lòm, pi gwo pwofèt la... Se pa pi gwo pwofèt la, men Bondye- Pwofèt la, "Plenitud Divinite a nan lachè te nan Li." Se poutèt sa, Li te Fis de lòm nan.

186 Kounye a, depi de milan, nou te konnen Li kòm Fis de Dye, Lespri.

187 Epi nan Milenyòm, Li pral Fis de David, sou Twòn lan. Nou tout konn sa, nou ki kwè nan Lèzekriti.

188 Bon, Jezi te di, jis nan fen laj legliz n ap viv la, ke "Fis de Lòm nan t ap revele ankò menm jan li te ye a, jan li te ye nan Sodòm".



189 Gade ki jan, istorikman, Li te prezante sa. Li di: "Menm jan sa te ye nan epòk," dabò, "Noé, ki jan yo t ap manje, bwè, marye, bay pitit yo an maryaj." Apre sa, Li mennen pwochen an, an dènye, Fis de lòm lan, nan Sodòm. Paske, laba a Li t ap trete ak Jwif yo; isit la, nan Sodòm, L ap trete ak Moun lòt nasyon yo. Laba a, Li te nwaye yo tout nan dlo, nan jijman; isit la, Moun lòt nasyon yo, Li te boule yo tout nan jou Sodòm lan. Se vre. Mond Moun lòt nasyon an te boule laba a, "e se konsa sa pral ye lè Fis de lòm nan revele." Se p ap dlo ankò, men se pral dife fwa sa a. Jezi te li nan menm Jenèz 23 ke nou li an, lè Li te li sou Sodòm.

190 Kounye a, nou rekonèt kondisyon yo pale de yo a, kondisyon mond Sodòm lan, Sodomit yo, kondisyon Sodòm. Nou tout, nou pral di "amèn" pou sa. Nou kwè sa. Trè byen.

191 E kondisyon espiyèl Lawodise, legliz natirèl la, nou pral di "amèn" pou sa, epi aksepte siy yo. Nou konnen ke chak siy la. Legliz la nan Lawodise. Nou konnen sa.

192 Nou konnen monn lan nan yon kondisyon Sodòm. Eske se vre? Nou admèt sa.

193 Men e siy Abraham lan, sila ki t ap tann pitit pwomès la? Sa se te yon lòt.

194 Sonje byen, yo te gen yon Sodòm laba; yo te gen mesaj yo. E Abraham te gen yon Mesaje pou li.

195 Abraham t ap tann, chak jou, pou yon bagay prèske enposib rive. "Sara, katrevendis, epi li menm san." Dapre pwomès Bondye a, li te toujou ap tann. Nan mitan tout kritik, li t ap tann pitit gason sa a.

196 Se konsa vrè kwayan an toujou ap tann Pitit Gason ki te pwomèt la retounen! Remake, jis anvan pitit gason an te rive, te gen yon siy yo te ba li. Èske siy Pitit Gason k ap vini an

pa dwe revele a Semans wayal Abraham lan k ap tann Pitit Wayal la, menm jan sa te fèt pou Abraham pou pitit natirèl la? Pa vre? Jezi te di sa, isit la nan Lik 17:30, “Avan tan sa a vini,” ke “Fis de lòm nan t ap revele menm jan li te fè sa nan epòk Sodòm lan, anvan destriksyon Sodòm lan.” Kounye a, n ap tann yon siy.

197 Kounye a, ann pran kondisyon tan yo jan sa te ye nan Sodòm. Remake, yo tout te soti nan yon eta Sodomit, mond lan.

198 Mwen panse ke youn nan sineyas yo te reyalize yon fim, sa pa gen lontan, e mwen te rive wè li, se te *Sodòm*. Si janmè ou wè l epi pa gen okenn lòt ke y ap prezante avè l, ou mèt al wè l. Se sètènman yon bon foto Etazini jodi a, Hollywood, jis egzakteman; menm kalite rad ak tout lòt bagay ke yo te fè menm jan an nan epòk sa; gwo kout tafya ak tout lòt bagay, yon sèk moun ki relijye, swadizan relijye.

199 Remake, Sodòm te gen yon temwen, e se te yon kanmarad ki te rele Lòt, ki te jis yon neve pou—pou Abraham.

200 Bon, Abraham pa t desann nan Sodòm, li menm ak gwoup li a. Li te gen yon gwo gwoup avè l, ase pou yo goumen kont yon douzèn wa ak lame yo. Kifè, li te gen yon gwo gwoup avè l. Epi li te chita laba a anba yon pye bwadchenn, yon jou, lè tout bagay ta prale mal pou li; pèsonn pa t gen anyen pou fè avè l, men li te toujou kenbe pwomès sa a.

Gade byen kounye a, anvan nou fèmen.

201 Pandan li te chita la, twa mesye mache desann vin jwenn li. De nan yo te desann Sodòm epi yo te preche yo Levanjil la, pou yo soti la, pou Lòt. Pa vre? Men youn te rete avèk Abraram. Remake, Sila a ki te rete avèk Abraham lan se te Bondye Li menm. De lòt yo se te Zanj mesaje.

202 Bon, laba nan Sodòm, yo pa t fè mirak, yo te sèlman fè yo vin avèg. Epi preche Levanjil la toujou fè yo avèg.

203 Kounye a gade nan ki eta jou sa a te ye. Gen yon legliz natirèl. Bondye toujou reprezante an twa, jan m te di yè swa. Te gen Sodomit yo, moun Lòt yo ak moun Abraham yo. Se menm sitiyasyon an aswè a, mond lan jis nan menm eta a.

204 Kite m mande nou yon bagay. Gade sitiyasyon sa a kounye a. Abraham te rele Nonm sa ki t ap pale avè l la: "Elohim." Mo Ebre *Elohim* la vle di: "Sila a ki sifi nèt pou Tèt Li, Sila a ki Etènèl la," Elohim, Bondye Li menm!

205 Okòmansman, Jenèz 1, di: "Okòmansman Bondye..." Pran mo Ebre a, swa, oswa mo Grèk la, pito, "Okòmansman, *Bondye te kreye syèl la ak tè a.*"

206 Isit la, Limenm, nan Jenèz, apeprè nan chapit 22 a isit la, Li di ankò, oswa—oswa apeprè nan chapit 20 an, Li di, e li te rele Nonm sa a "Elohim". Poukisa li te fè sa? Bondye, ki te reprezante nan yon lachè imen, ki te chita ansanm ak Abraram epi ki te manje yon sandwich ak vyann vo, bwè lèt, epi manje kèk pen. Bondye Li menm, epi Li te disparèt devan Abraham.

207 Men Li te ba li yon siy. Remake. Epi siy sa a se te ke Li te vire do Li bay tant lan.

208 Epi sonje, Abraham, te rele *Abram* kèk jou anvan sa, e Sara te rele *Sarayi* anvan sa; S-a-r-a-y-i apre sa, S-a-r-a ak A-b-r-a-m pou A-b-r-a-h-a-m. *Abraham* vle di "papa nasyon yo".

209 Kounye a gade vrèman byen isit la, epi n ap wè sitiyasyon lè n ap viv kounye a, jan Jezi te di nou pou nou veye sitiyasyon sa a. Nou te wè tout rès la koresponn kòrèkteman; kounye a, ann wè sa k konsè Semans wayal la, ki sitiyasyon yo sipoze wè.

210 Bon Nonm sa a te di: "Abraham, kote madanm ou Sara?"

Epi Abraham di: "Li nan tant lan, dèyè Ou la."

211 Bon, Li pa t janm wè l. Ki jan Li te fè konnen ke li te rele *Abraham*? Ki jan Li te fè konnen li te rele *S-a-r-a*? "Abraham, kote madanm ou Sara?"

Li di: "Li nan tant lan, dèyè Ou la."

212 Li di: "Mwen..." "Mwen," yon pwonon pèsònèl. "Mwen pral vizite w dapre pwomès la. Madanm ou pral fè pitit sa a. Ou te fè Mwen konfyans, kounye a Mwen pral fè sa rive vre."

213 Epi Sara, nan tant lan, dèyè a, ki t ap tandè ansoudin oswa ki te panche zòrèy li, kèlkeswa jan w rele l la, pou l te koute nan tant lan, li te ri anba anba, epi li te di: "Kounye a, mwen menm, yon vye granmoun tankou m, pou m ta gen plezi ak mèt mwen; epi limenm, tou, laba a yon vye granmoun, ki gen santan? Alòske sa pa t rive depi anpil, anpil ane."

214 Epi Nonm lan, N-o-n-m, ki chita la ap manje, nan chè yon moun, li bwè epi li manje tankou yon moun òdinè; ak pousyè sou rad Li, ak pousyè sou pye L, epi Abraham te lave l. Bondye, Li menm, gade alantou Li, epi Li di: "Poukisa Sara ri, do Li tounen bay tant lan, Li di sa?" Li te konnen, Li te kapab disènen panse Sara yo nan tant lan, dèyè Li. Pa vre?

215 Kounyeya, lè Semans Wayal Abraham lan te vini sou tè a, ki siy Li te montre? Fis de lòm lan. Yon jou, Simon te pwoche bò kote Li. Se Andre ki te mennen l. Li di: "Ou rele Simon. Ou se pitit Jonas," Li di. Ou wè, sa te fè de li yon kwayan.

216 Filip te ale, li pran Natanyèl, li tounen. Li di: "Vin wè yon Nonm ke nou jwenn—nou jwenn: Jezi, moun Nazarèt, pitit Jozèf."

217 Li te di: "Bon, tann yon minit. Èske gen yon bagay ki bon ki ka soti nan fanatis sa a?"

Li di: "Vin wè."

218 Kidonk, lè Filip te vini nan Prezans Jezi ak Natanayèl, Jezi te gade l, Li di: "Men yon Izrayelit ki pa gen riz."

Li di: "Mèt, ki lè Ou te konnen m?"

219 Li te di: "Anvan Filip te rele w, lè w te anba pye bwa a, Mwen te wè w."

220 Li di: "Mèt, ou se Pitit Bondye a. Ou se Wa Izrayèl la!

221 Lè ti fanm lan nan pi a, nan kondisyon imoral li a, te vini, nan yon ti dekhò ki sanble ak yon bagay konsa, pou l vin chache dlo. Jezi te voye disip li yo ale, pou y al chache manje. Lè l te vini pou l tire dlo, Li di: "Ban M ti gout dlo, madanm."

222 Li te di: "Se pa nan abitud Nou pou Nou di sa. Nou gen segregasyon isit la. Bon, nou menm, Jwif yo, nou pa gen anyen pou wè ak nou menm Samariten yo; nou pa gen anyen pou nou fè avèk nou."

223 Li di: "Men, madanm, si w te konnen ak Kiyès w ap pale a, se oumenm ki ta mande M ba ou bwè. Mwen t ap ba ou yon dlo pou w pa janm vin tire la ankò."

224 Li te jwenn kote kondisyon li te ye, kisa li te ye. Li di: "Al chache mari w epi vini isit la."

Li di, "Mwen pa gen okenn mari."

225 Li te di: "Ou di laverite. Ou te gen senk, epi sila ke w ap viv avè l kounye a se pa pou ou."

226 Li di: “Mesye, mwen wè Ou se yon pwofèt. Nou konnen lè Mesi a vini, Li pral montre nou bagay sa yo.”

Jezi di: “Se Mwen menm.”

227 Apre sa, li kouri antre nan vil la epi li di: “Vin wè yon Nonm Ki di m kisa Mwen fè. Èske Sa se pa Mesi a menm?”

228 Gade byen, Li te fè sa devan Jwif yo, ak Samariten yo, men janmè devan Moun lòt Nasyon yo. Nou menm, Moun lòt Nasyon yo, nou te payen nan epòk sa yo, lòt nasyon yo, nou t ap pote gwo baton sou do nou, adore zidòl. Nou pa t ap chèche okenn Mesi.

229 Li parèt sèlman devan moun k ap chèche L, e nou sipoze ap chèche L.

230 Men sila yo ki pretann yo t ap chèche L, legliz la menm, lè yo te wè sa fèt, yo di: “Li se yon dyab. Li se yon divinò, yon Bèlzeboul!”

231 Epi Jezi di: “Yo t ap resevwa padon pou peche sa a,” paske Li potko mouri. “Men,” Li te di: “yon jou Sentespri a ap vini e Li pral fè menm bagay la, epi Sa p ap janm padonnen pou di yon sèl mo kont Li.” Se nan jounen jodi a, kote chak Pawòl dwe anchene ansanm. “Di yon mo kont Li; sa p ap janm padonnen nan monn sa a oswa nan mond k ap vini an.”

232 Se te Semans Wayal Abraham lan. E men Semans Wayal Abraham lan, ki te vini akòz idantifikasyon Nonm sa a ki te chita la ak Abraham, te vin pwouve ke se te menm Bondye a, Li te pwomèt jodi a, “Jan sa te ye nan epòk Sodòm, se konsa sa pral ye. nan vini Fis de lòm lan, lè L ap revele Tèt Li kòm Fis de lòm lan.” Amèn. Se jou sa a pou Ekriti sa a rive vre.

233 Gade nan sitiwayon nou ye jodi a. Gade nan legliz la kote Pitit Bondye a...Gade nan jou terib la. Gade tout pwofesi yo. Koulye a, yon bagay etranj, vizitè nou yo dwe la lè sa a, si sitiwayon an dwe tankou Sodòm.

234 Te gen twa nan yo ki te vini, twa mesye eksepsyonèl ki te sot nan Syèl la. Nou pral admèt sa. Twa nan yo; Youn te rete ak Abraham. Rè s lòt yo te desann al Sodòm, men youn te rete avèk Abraram. Tout rè s yo desann lavil Sodòm. Eske se vre? E Abraham te gen yon non ki te chanje, soti nan Abram pou l vin Abraham. Se vre?

235 Pa gen yon sèl fwa nan listwa, legliz nan mond lan, pat janm gen yon evanjelis ki t ale ladan l, ak yon non ki fini an h-a-m, jouk jounen jodi a, Billy G-r-a-h-a-m. Eske se vre? G-r-a-h-a-m, sis lèt. A-b-r-a-h-a-m se sèt lèt. Men, G-r-a-h-a-m se sis lèt, ki se lemonn, lòm. Ou wè?

236 Gade sa yo ki pati laba, jodi a, se mesajè ki sot nan Syèl la.

237 Èske gen yon nonm sou tè a ki preche repantans konsa klèman tankou Billy Graham? Èske gen yon nonm ki te gen yon enpak sou moun yo, tankou Billy Graham? Pa janm gen, entènasyonalman, yon nonm. O, Billy Sunday, elatriye, te isit la nan peyi Etazini, men Billy Graham li koni atravè lemonn. Èske nou wè apati ki kote l ap rele? Apati de Sodòm.

238 E gen sila ki akonpaye l laba, ki avèk legliz Pannkotis la, yon Oral Roberts.

239 Men e gwoup Eli a? Ki kalite siy yo sipoze wè? Kisa yo sipoze genyen? Alelouya! "L'ap fè limyè nan jou aswè." Jounen jodi a, Ekriti sa a akonpli. Jodi a, pwomès Bondye a akonpli. Nou konnen se Laverite. Li isit la aswè a menm jan Li te ye nan epòk sa.

240 Kounye a, pou m preche sa, sa m te di sa gen yon ti tan de sa, si w preche nenpòt bagay epi se Verite Levanjil la, alò Bondye gen obligasyon pou l jistifye sa. Eske se vre?

Kounye a, si se konsa, se pou Bondye ki te ekri Pawòl la, se pou Bondye ki fè pwofesi a, se pou Bondye ki se Bondye Pawòl la vin parèt pou L pwouve ke Li toujou Bondye.

241 Kòm Eli te moute sou mòn lan; li t ap gade, Elize te monte, li t ap gade Eli, li di: "Mwen vle yon pòsyon doub." Manto ki te sou Eli a tonbe sou Elize. Li te desann laba, li te pliye kouvèti sa an de, li frape rivyè a, epi li di: "Kote Bondye Eli a?" Epi menm bagay la ki te pase pou Eli a, te rive pou Elize.

242 Epi menm Levanjil la, menm Pwisans lan, menm Fis de lòm lan ki te la yè a, se Li ki la jodi a, epi Li pral pou tout tan. Ebre 13:8. Èske nou kwè Sa? [Kongregasyon an di: "Amèn."—Editè a] Alò, mwen mande w. Mwen pa kapab Li, men Li la. Nou se sèlman yon transpòtè.

243 Gen kèk nan nou ki la, ki malad epi aflije, ke nou konnen mwen pa konnen nou, kite Bondye kounye a...si mwen kapab imilye tèt mwen ase. Priye epi mande Bondye.

244 Mwen pa devine...Pa gen yon kat lapriyè nan bilding nan, pa vre? Non, mwen pa... Nou pa janm bay okenn kat lapriyè. Nou pral gen reyinyon lapriyè nan...oswa gerizon pou malad, nan legliz la. Men, priye.

245 Epi ou konnen mwen se yon etranje nèt pou ou. Ou wè, ou konnen mwen, Jeffersonville! Mwen pa vle moun ki soti nan Jeffersonville fè sa. Mwen vle moun ki soti lwen bò isit la yon kote. Gade si Bondye toujou revele! Gade si Li toujou menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan!

246 Fè tankou ti fanm lan. Li pase, li di: "Mwen kwè Nonm sa a." Li te gen yon pwoblèm san, epi li te di: "Si m ka manyen bò rad Li a, mwen kwè m ap geri." Eske se vre?



247 Akoz lafwa li, jou sa a, Ekriti a te akonpli. "Li panse kè sila yo ki te gen kè yo brize, li geri moun ki malad ak moun k ap bwete yo."

248 Lè madanm lan manyen rad Li, li soti, li chita, li vire, Li di: "Ki moun ki manyen Mwen an?" Ki jan li te fè konnen, nan gwo foul moun sa a, pwobableman trant fwa sa ki isit la aswè a, plizyè milye ladan yo? Ki jan Li te fè konnen sa? Li di: "Ki moun ki manyen Mwen?" Li pa t di sa jis pou L di l; Li te di sa paske se te vre. Epi li di: Ki moun ki manyen m? Epi dirèkteman Li te gade alantou Li epi Li te wè ti fanm lan, kote li te chita oswa kanpe, kèlkeswa pozisyon li te ladann lan, Li te di li pwoblèm san li an te fini.

249 Se te Jezi yè. Se li jodi a. Ou kwè sa?

250 Mwen pa konnen ou; Bondye konnen w. Men ou gen doulè nan kòt ou, sa ap deranje ou. Se vre. Ou chita la w ap lapriye sou sa. Èske mwen yon etranje pou nou, e nou se etranje yonn pou lòt? Leve kanpe, si se konsa. Mwen pa konnen ou. Se nonm sa a ki nan kwen an, jenn gason sa a. Ou gen yon move gòj tou. Se vre. W ap priye pou sa. Ou tout nève sou yon bagay. Ou pral oblije kite reyinyon an paske, ou se yon minis, ou gen kèk angajman ou gen pou okipe. Se sa. Uh-huh. Ou kwè Bondye konnen kiyès ou ye? Rev. Mesye Smith, kounye a ou ka ale epi ou ka geri. Jezikri te fè ou geri. Ale nan reyinyon ou a; gòj ou p ap deranje w.

Ki Moun li manyen?

251 Gen yon nonm ki chita jis dèyè a la a ; l ap soufri. Li gen yon timè nan poumon gòch li. Li pa... Li pa moun isit la. Ou te konn travay nan min. Se egzak. Mwen se yon étranje nèt pou ou. Si se vre, souke men w. Timè a nan poumon gòch ou, epi ou dwe fè yon operasyon touswit. Se vre? Ou pa moun isit la. Ou pa moun vil sa. Ou soti Virginia. Se vre. Ou kwè Bondye konnen kiyès ou ye? Mesye Mitchell, se vre, ale lakay ou epi se pou

w geri. Jezikri geri w. Mande mesye a! M pa janm wè l, nan lavi m. Li te chita la, li t ap priye.

Jounen jodi a Ekriti sa a!

252 [Frè Branham vire do l bay kongregasyon an—Editè a.] Men yon dam ki chita jis isit la, dèyè m lan, menm jan ak Sara ki te nan tant lan. L ap priye pou yon pitit fi. Kanpe. Pitit fi a pa isit la; li lwen, pitit fi a. Epi ou nan menm sitiyasyon ak fanm sa, lè li te vin jwenn Jezi, poutèt te gen yon fanm ki te toumante anpil ak yon demon. Fanm lan se ... ti fi sa posede ak demon. Li pa moun isit la. Li soti...Ou soti Karolin di Nò. Ou kwè sa? E sa se laverite, pa vre? Madam Orders, ou ka al lakay ou. Si ou kwè ak tout kè w, ou pral jwenn pitit fi w la tankou lè manzè li te jwenn li, lè Jezikri nan tan pase sa, te di ke li te geri.

253 Jounen jodi a Ekriti sa a; siy Sodòm lan, siy sipè Semans lan, siy legliz natirèl la! Jounen jodi a Ekriti sa a akonpli nan mitan nou. Ou kwè li?

254 Èske w ap aksepte l kounye a kòm Sovè w ak Gerisè w? Leve kanpe sou pye nou, nou chak, di: "Mwen aksepte gerizon mwen. Mwen aksepte Li kòm Sovè mwen. Mwen aksepte Li kòm Wa mwen." Nou chak leve kanpe sou pye nou.

Jounen jodi a! Koute, zanmi m yo.

255 "Li te li Ekriti a, Li te remèt Bib la bay prèt la, epi," sa di, "tout je pèp la te fikse sou Li. Epi Li gade yo, Li di: 'Jounen jodi a Ekriti sa akonpli.'"

256 Mwen li Lekriti, avèk yon douzèn oswa plis prèv ke n ap viv nan dènye jou a, jenerasyon ki pral wè Jezikri retounen sou tè a. Epi m di nou aswè a, ankò, jounen jòdi a Ekriti sa akonpli devan je nou.

257 Nou menm ki Tucson, nou menm ki Kalifòni, nou menm ki New York, sou koneksyon telefòn sa yo, jounen jodi a Ekriti sa a akonpli devan je nou.

258 Ann rejwi, ann kontan anpil, paske lè a rive pou fete Maryaj Ayo a, e Lepouz Li a... Lepouz Li a pare tèt Li.

259 Ann leve men nou epi ba Li glwa, nou tout pèp la. Bondye beni nou. [Kongregasyon kontinye rejwi epi louwe Bondye—Editè a.]